

David Do
Manm Komisyon/Prezidan
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten
Afè Piblik
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Avi: Peryòd Aplikasyon pou Lisans Pwogram Pilòt (SHL)
Machin Transpò pou Pasaje nan Wout ki ap Kòmanse 16
Me

Kòmanse 16 Me 2023, a 10è nan maten, jiska 2500 Pèmi Pwogram Pilòt SHL ak Lisans Machin pou Lwe pral vin disponib pou machin elektrik (EVs), machin elektrik ibrid, epi machin pou chèz woulant (WAVs) sèlman. Pèmi ak lisans sa yo pa p ka transfere e yo pral disponib pou lisansye TLC yo ki an règ (Pa gen move pakin, trafik, epi/oswa tikè TLC yo). Pèmi ak lisans yo pral limite sou youn pou chak aplikan, epi aplikan yo pa dwe gen tan posede yon pèmi SHL (Taksi Vèt).

Kèk eleman kle chofè a gen ladann:

- Patisipan yo **pa** p gen pèmasyon pou pran machin transpò nenpòt kote nan Vil New York la, sèlman vwayaj ki òganize davans.
- Pèmi ak Lisans la ki gen rapò ak pilòt sa pa ka transfere
- Pral genyen yon frè \$550 pou Lisans FHV a.
- Machin nan dwe yon ibrid, yon Machin pou Chèz Woulant (WAV) oswa yon Machin Elektrik (EV).
- Ou ka sèlman kenbe yon Pèmi Chofè SHL. Si ou gen tan posede yon Pèmi SHL, ou dwe mete pèmi ke ou genyen deja nan stokaj pou patisipe.
- Machin nan ka nenpòt koulè sof vèt oswa jòn.

Anvan ou aplike, tanpri vizite [paj Pwogram Pilòt SHL](#) pou aprann plis sou restriksyon ki ap opere sou lisans sa yo.

Sa ki swete aplike ka vizite paj [Jwenn yon Lisans Pwogram Pilòt SHL](#) a 10è nan maten nan 16 Me epi ranpli yon Akò Otorizasyon. Ou pral bezwen:

- Non w
- Nimewo Lisans Chofè TLC
- Nimewo Idantifikasyon Anboch (EIN), si sa posib
- Adrès Imel
- Nimewo Telefòn

Après ou fin soumèt fòmilè a, TLC pral revize elijibilite w. Aplikan ki elijib yo pral resevwa yon Nimewo Pèmi SHL sou DocuSign. Kou w gen Nimewo Pèmi w, ou gen 30 jou pou kòmanse aplikasyon lisans machin transpò w.

Ekri kòmantè, kesyon, sigjesyon yo bay tlcpilots@tlc.nyc.gov oswa vizite [Kesyon ke yo Poze Souvan yo](#).

